# SÁZENDE BAQSILARDIŃ SAZLARDI DÓRETIWDEGI SHEBERLIGI

**Berkinbaeva Gúljamal**
*Ózbekistan mámleketlik kórkem-óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı studenti*

**Annotaciya**. *Bul maqalada qaraqalpaq xalıq milliy muzıkası awız eki professional baqsıshılıq tradiciyasınıń rawajlanıwı, onıń atqarıwshıları bolǵan baqsılardıń dóretiwshilik ómiriniń keńeyip olardıń kem-kemnen joqarı dárejege kóteriliwi haqqında sóz etiledi.*

**Gilt sózler**: *baqsı, kórkem-óner, dástan, nama, sázende.*

**Аннотация**. *В данной статье говорится о развитии национальной музыки каракалпакского народа и традиций профессиональных бахши, расширении жизни бахши, являющихся ее исполнителями, и восхождении их на уровень известности.*

**Ключевие слова**: *бахши, искусство, эпос, музыка, музыкант.*

**Abstract**. *This article talks about the development of the national music of the Karakalpak people and the traditions of professional bakhshis, the expansion of the life of the bakhshis who are its performers, and their rise to the level of fame.*

**Key words**: *bakhshi, art, epic, music, musician.*

Xalqımızdıń turmıs tárizin rawajlanıwında xalıq awızeki dóretiwshiliginiń áhmiyeti úlken bolıp, ásirler dawamında bay ruwxıy miyraslar toplanıp, jas áwlad tárbiyasına múnásip úles qosıp kiyatır. Xalıq awızeki dóretiwshiliginiń áhmiyetli baǵdarı bolǵan dástanlar júdá tereń tariyxıy ildizlerge iye bolıp, uzaq ásirler dawamında jaratılıp kelingen hám túrli sociallıq-ekonomikalıq sharayatlarda atqarılǵan.

Muzıkanı esitetuǵın, muzıka menen shuǵıllanatuǵın adam jamanlıqtan álbette uzaq boladı. Bárshemizge belgili, saz-sáwbetke, kórkem-ónerge muhabbat, muzıka mádeniyatı Xalqımızda balalıqtan baslap, shańaraqta qáliplesedi. Úyinde duwtar yaki basqa saz ásbabı bolmaǵan, muzıkanıń ómir baǵısh tásiyrin óz turmısında sezbesten jasaytuǵın adamdı biziń jurtımızda tabıw qıyın desek, asıra aytqan bolmaydı.

Ónip-ósip kiyatırǵan jas áwladtıń talantın hár tárepleme rawajlandırıw hám mádeniy dárejesin arttırıw, jaslarımızdıń milliy jáne dúnya júzlik muzıkanı súwretlew óneriniń joqarı úlgileri menen keń tanısıwı ushın zárúr sharayatlar jaratıw, baslanǵısh muzıkalıq tálim bilimlendiriw sistemasın túp tiykarınan jetilistiriw, balalar muzıka hám kórkem-óner mekteplerin rawajlandırıw bolıp esaplanadı. Hár bir xalıqtıń ruwhiy dúnyası mádeniyatı tili, etnografiyası, arxitekturası, ádebiyatı, milliy muzıka kórkem-ónerine iye.

Qaraqalpaq xalıq milliy muzıkası awız eki professional baqsıshılıq tradiciyasınıń rawajlanıwı, onıń atqarıwshıları bolǵan baqsılardıń dóretiwshilik ómiriniń keńeyip olardıń kem-kemnen joqarı dárejege kóteriliwi nátiyjesinde sazlar payda bola basladı. Xalqımızdıń sazlar, qosıq, baqsılar tárepinen dástanlardı tıńlawshılarına tásirli etip jetkeriw maqsetinde, dástandaǵi qáhármanlardıń obrazlıq kelbetin, qaharmanlıq islerin, olar mingen tulpar atlardıń júyrikligin, tábiyat kórinisiniń gózzalıqların súwretlewdegi sazlardı dóretiwdegi sheberliginiń ósiwi arqalı payda bolǵan programmalı dóretpeler bolıp esaplanadı. Máselen:

«Ilme Sultan» sazında ushırasatuǵın, hayal-qızlardıń miynet processinde nağıs oyıw, keste tigiw, kiyiz basıw háreketleriniń súwretleniwi, sazlarındağı atqarıw texnikası arqalı quslardıń sayrağan dawısınıń beriliwi, «Qarajorğa» namasındağı tulpardıń tuyağınıń dawısınıń esitiliwi hám basqa da usı siyaqlı barlığı sheber professional sázendelerdiń qolında sesleri yańlı jańlap esitiledi. Olar hár bir atqarıwshınıń jeke dóretpesiniń, muzıkalıq til baylığınıń ósiwine qolaylı jağday tuwdırıp otırğan. Baqsılardıń dástanlardı atqarıwdağı eń tiykarğı muzıkalıq quralı duwtar. Sonlıqtan qaraqalpaqlar arasında duwtar sazları áhmiyetli orın iyeleydi. Duwtar sazları bolsa, rawajlanğan, tamamlanğan forması, melodiyasınıń tolıqlığı hám kóp variyantlılığı jağınan qaraqalpaq awız eki professional muzıkasında úlken orın iyeleydi.

Olardan: «Nama bası, Nar iydirgen, Mıń túmen, Ilme sultan, Suw serper, Qara jorğa, Siy perde, Tarlan, Ziyada, Boztorğay, Aq ishik, Sayra duwtar, Muxalles, Nalısh, Qoshım palwan, Dás nama, Sárbinaz, Gór qız, Muwsa sen yar, Torğay qus hám tağı basqa, bir neshe sazları keń taralğan. Mine usı sazlar ishinde keń taralıp, xalıq arasında massalıq xarakterge iye bolğan túri «Nama bası» baqsıshılıq óneriniń «gimni» sıpatında atqarılıp, baqsılar toy merekelerde usı namadan baslaytuğın bolğan. Sonlıqtan el arasında bul saz «Bas nama» maqamlar bası, sazlardıń ağlası, depte atalıp kelgen. Mámleketimizdiń birinshi Prezidenti I.A.Karımovtiń atap ótkenindey "Óz tarıyxın bilmeytuğin, keshegi kúnin umıtqan millettiń keleshegi joq". Álbette, hár qanday xalıq yakı milletiń mánawiyatı onıń tarıyxı, ózine tán úrp-ádet dástúrleri, turmıslıq qádiriyatlarınan ayırıp kóz aldımızğa keltirip bolmaydı. Bunda ruwhıy miyras, mádeniy baylıqlar, áyyemgi tarıyxıy estelikler eń áhmiyetli faktorlardan biri bolıp xizmet etetuğınlığı tábiiy".

Házirgi waqıtta muzıka mádeniyatınıń rawajlanıwına onıń ósip-órkenlewine úlken dıqqat awdarılıp, úlken kewil bólinbekte. Xalqımızdıń ótmishtegi hám házirgi muzıka mádeniyatı, qosıq-namaları, dástan qosıqları, muzıka oqıw orınlarında, muzıka mekteplerinde, qániygelestirilgen mádeniyat mekteplerinde, Pedinstitut, Universitetlerdiń muzıka bólimleriniń oqıw bağdarlamalarında keńnen orın berilip oqıtılıp kelinbekte.

Jıraw-baqsı, sázendelerimiz tárepinen dóretilgen namalardıń barlığıda biziń dáwirimizge tolıq jetip kelmegenligi anıq, tek ğana xalqımızdıń kewlinen keńnen orın alğan, kópshilikke unağan namalar ğana atqarıwshılar tárepinen bizge jetip kelgeni belgili. Bizge jetip kelgen namalar keń mazmunlarğa iye bolıp rawajlandırılıp, atqarıwshılardıń sheberligi menen bárhama jetilistirilip kelgen.

Atqarıwshılar sheber bolmağanda bul namalar xalıqtıń kewlinen shıqpağanda álle qashan umıt bolğan bolar edi. Jıraw-baqsı sázendelerimizdiń qatarı qanshelli kóp bolıp, atqarıwshılıq sheberligi asqan sayın, qosıqlarımız, dástanlarımız, saz namalarımız, kórkeyip, mánisi molayıp, xalıqqa unağan halda olarda kóbeyip baratuğını málim.

Biz xalqımızdıń legendalıq, tarıyxıy saz hám qosığına názer taslasaq ata-babamızdıń bir qansha mádeniy miyraslarmızdıń saqlanıp qalğanlığın kóremiz. Maqsetimiz xalqımızdıń milliy muzika kórkem mádeniy miyras bolıp, kiyatırğan xalıq qosıq hám sazlarınıń tarıyxın keleshek áwladımız bolğan jaslar ruwhıy azıqlanadı dep bilemiz.

Global Science Publication